Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы
Қарақалпақстан бөлиминиң

# ХАБАРШЫСЫ

Журнал 1960-жылдан баслап шығып атыр

Ўзбекистон Республикаси Фанлар Академияси
Қорақалпоғистон бўлимининг

# АХБОРОТНОМАСИ

Журнал 1960 йилдан нашр қилинмоқда

# ВЕСТНИК

Каракалпакского отделения
Академии наук Республики Узбекистан
Журнал издается с 1960 года

№ 3
(280)

Нукус-2025

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА МИЛЛИЙ МӘДЕНИЙ ОРАЙЛАР ИСКЕРЛИГИ ҲӘМ ОНЫҢ МИЛЛЕТЛЕР АРАЛЫҚ ТАТЫЎЛЫҚ ҚАТНАСЛАРЫНДАҒЫ ОРНЫ
## (Қарақалпақстан Республикасы Қазақ миллий мәдений орайы ҳәм Корейслер ассоциациясы искерлиги мысалында)

**Нуржанов С.У., Муратбаева А.Б.**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Мәмлекетимиз ғәрезсизлигиниң дәслепки дәўирлеринде-ақ елимизде жасаўшы түрли миллет ҳәм халық ўәкиллериниң тиллери, үрп-әдетлери менен дәстүрлерин раўажландырыў, олардың руўхый мүтәжликлерин қанаатландырыў мақсетинде миллий мәдений орайлар шөлкемлестирилди. Республикалық Интернационаллық мәдeният орайының 1994-жылғы есабаты бойынша улыўма Өзбекстанда 85 миллий мәдений орай бар болса, соннан, Қарақалпақстанда 3 миллий мәдений орай искерлик етти [1]. Бул орайлар Шайхова Рабия Абдулхамидовна басшылығындағы Нөкис интернационаллық мәдeният орайы, Нурходжаев Сапарбай Тулешович басшылығындағы Қазақ миллий мәдений орайы, Тюгай Дясек Сендич басшылығындағы Қарақалпақстан Республикасы Корейслер Ассоциациясы еди.

Республикамыздағы миллий мәдений орайлар искерлигиниң дәслепки дәўиринде орайлар жумысын жолға қойыў, халықлардың миллий мәдений мийрасын сақлаў ҳәм раўажландырыў, түрли миллет ўәкиллерин Өзбекстан ҳүкимети алып барып атырған сиясий-экономикалық ҳәм мәдений-руўхый тараўлардағы сиясатты әмелге асырыў исине жәмлестириў менен байланыслы машқалалар болған еди. Сол себептен 1993-жыл 23-апрель күни Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 113/5-санлы “Қарақалпақстан Республикасы Мәдений ислер бойынша Министрлиги туўралы реже”си тастыйықланып [2], онда Мәдeният ислери бойынша Министрликтиң тийкарғы ўазыйпалары қатарына миллий мәдений орайлар менен өз-ара қатнасықларды ҳәм бирге ислесиўди беккемлеў, миллетлер аралық ҳәм халық аралық мәдений байланысларды кеңейтиў ҳәм раўажландырып барыў белгиленген. Соның менен бирге, Қарақалпақстандағы халықлардың руўхый мәдениятьт, салт-дәстүри, үрп-әдетлери, көркем өнер шеберликлери түрлериниң қайта тиклениўи ҳәм раўажланыўы ушын тийисли жағдайлар жаратыў, кәнигелик көркем өнери менен ҳәўескер халық дөретиўшилиги тараўындағы жетискенликлерди үгит-нәсиятлаў, оларды буннан былай да жетилистириў арқалы ҳәр тәреплеме руўхый жақтан раўажланған адамды қәлиплестириў ҳәм тәрбиялаў сыяқлы мәселелери де келтирилген.

Көп миллетли мәмлекетимизде түрли миллет ҳәм халық ўәкиллери бир шаңарақ перзентлериндей тыныш-татыў ҳәм аўызбиршиликте жасап атыр. Сол қатары, республикамызда миллетлер аралық дослықты беккемлеў, қазақ тили ҳәм мәдениятын раўажландырыў, қазақ миллети ўәкиллерине өз ана тилинде орта ҳәм жоқары тәлим алыўы ушын ушын шәраятлар жаратыў мақсетинде 1990-жылы Қазақ миллий мәдений орайы шөлкемлестирилди. Орай Әдиллик Министрлиги тәрепинен 1996-жыл 3-июль күни 96-санлы гүўалық номери менен дизимнен өтти [3].

Қарақалпақстан Республикасы Қазақ миллий мәдений орайын Сапарбай Нурқожаев (1992–2004-жыллар), Шаўдырбай Салиев (2004–2011-жыллар), Бақтыбек Кулатаев (2011–2014-жыллар), Жанжайхан Дәрменов (2014–2021-жыллар) ҳәм Асқар Умбетаев (2022-жылдан ҳәзирги күнде) басқарып келди. Сондай-ақ, орайдың Беруний, Қоңырат, Тахтакөпир, Елликқала ҳәм Хожели районларында бөлимлери искерлик көрсетип, Қоңырат районлық бөлимин Кеңесбай Сәрсенов, Шымбай районлық бөлимин Муратбай Қыпшақбаев, Хожели районлық бөлимин Жарылқап Айдынғалиев, Такиятас каласы бөлимин Ибадулла Қойлыбаев ҳәм Нөкис қаласы бөлимин Әлимжан Әбдикәримов басқарды.

Ғәрезсизлигимиздиң дәслепки жыл-ларында Орай тәрепинен қазақ тилинде «Достық үни» газетасы шығарыла басланды. Бул газета елимиз турмысындағы жәмийетлик-сиясий хабарларды қазақ тилинде жеткерип бериў менен бирге миллий мәдений орай турмысы менен халықты жақыннан таныстырып барды. Соның менен бирге, орай жанында шөлкемлестирилген «Бес қала» театры тәрепинен “Абай”, “Мың менен жалғыз алыстым” ҳәм т.б. спектакллери сахналастырылып, бул театр Қарақалпақстан

Республикасы мәденият ислери бойынша Министрлигиниң 1996-жыл 30-май күнги "Қазақ миллий мәдений орайы жанындағы хәўескерлик драма жәмәатине «Халық театры» атағын бериў ҳаққында"ғы №17/3 санлы қарары бойынша «Халық театры» атағына ийе болды [4]. Усы жерде айтып кетиў орынлы, қарақалпақ сахнасында қазақ драматурглериниң мийнетлери тез-тезден қойылып турды. Мәселен, белгили драматург Султаналы Балғабаевтың «Қыз жигирмаға шыққанда», «Бизлерде ашық болғанбыз» спектакльлери де халқымыз тәрепинен жыллы кутип алынған.

Орай искерлигинде қазақ халқының миллий өзине тәнлигин сақлаў ҳәм раўажландырыўға қаратылған түрли илажлар: конкурслар, ушрасыўлар, юбилейлер шөлкемлестириў әҳмийетли бағдарлардан бири болды. Атап айтқанда, Қарақалпақстанда жасаўшы қазақ миллети ўәкиллериниң миллий музыка ҳәм искусство өнери бойынша республикалық жарыслары [5], Қазақстан Республикасының Маңғыстаў ўалаяты, Өзбекстанның Сырдарья ўалаятынан ҳәм Қарақалпақстан Республикасының жас қазақ айтыскер-төкпе шайырларының бас қосыўы сыяқлы илажлар өткерилди [6]. Бундай илажларда ҳәўескер фольклорлық ансамбллер ҳәм көркем-өнер жәмәэтлеринен Қоңырат қаласынан «Заманай» ансамбли, Хожелиден Сейтеновлардың семьялық ансамбли, «Гакку». «Замандас» ансамбллери, хәўескер шайыр-ақынлар, домбырашы, күй-қосық айтыўшы бирқатар талант ийелери қатнасыўы дәстүрге айналды.

Қазақ миллий мәдений орайы республикамызда халықлар дослығы ҳәм миллетлер аралық татыўлықты беккемлеў бойынша басқа да бир қатар ис-илажларды әмелге асырды. Мәселен, қарақалпақ-қазақ халықларының азатлығы ушын гүрескен белгили батырлар юбилейлери белгиленип, ас бериў мәресимлери өткерилип турылды. Атап айтқанда, Дәўқараның Бестөбе аймағында Ерқосай батырға, Тахтакөпир районында Жанхожа батырға, Қоңырат районында Тиленбай батыр Жарықбас улының 180 жыллық юбилейине байланыслы ас бериў илажлары шөлкемлестирилди [7]. Бул жыйынларда ҳәўескер шайыр-жыраўлар қаҳарманлық дәстанлардан жырлар атқарып, Әмиўдәрияның еки әтирапын мәкән еткен қарақалпақ, өзбек, түркмен, қазақ жәнe басқа да халықлардың дослық-туўысқанлығын беккемлениўине хызмет етти.

Сондай-ақ, қазақ әдебияты ўәкиллериниң туўылған сәнелери ҳәм юбилейлерине байланыслы илажларды шөлкемлестириў де қазақ миллий мәдений орайы искерлигинде үлкен әҳмийетке ийе болды. Атап айтқанда, Абай Қунанбай улы, Мұқағалы Мақатаев, Төлеген Айбергенов сыяқлы дөретиўшилердиң өмири ҳәм дөретиўшилигине байланыслы илажлар, әдебий кешелер өткерилди. Соның ишинде, қазақ миллий мәдений орайы қатнасыўында Абай Қунанбай улының юбелейлери Нөкис қаласындағы 20 ҳәм 25-санлы мектеплерде, Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтларында, Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалында әдебий кешелер турақлы өткерилип келинбекте [8].

Тәбийий мийрим-шәпәәт, кеңпейиллик, миллий әлпайымлық, басқа миллет ўәкиллерине деген кемситиўши ис-ҳәрекетлерди қылмаў қарақалпақларға тән қәсийет есапланады. Олар Қарақалпақстанда жасаўшы барлық халықлар менен биргеликте депортация қылынған корейслерге үлкен меҳир ҳәм мириўбет көрсетти, олардың азап ҳәм қыйыншылықларын жеке дәрти деп билди. Қарақалпақлар корейслерде өзлериниң аўыр тәғдириниң сәўлелениўин көрди [9]. Нәтийжеде елимиз аймағына көширилген корейс миллети ўәкиллери өзиниң екинши ўатанын тапты ҳәм бүгинги күнде де аўызбиршиликли жасап келмекте.

Қарақалпақстанда жасаўшы корейс диаспорасы ўәкиллериниң көпшилиги өз ана тилин, ҳәттеки, сөйлеў тилин, миллий мәдениятын, үрп-әдет ҳәм дәстүрлерин билмейтуғыны диаспораның кексе әўлад ўәкиллерин тәшўишлендирди [10]. Бул фактор диаспораның ана тилин ҳәм мәдениятын тиклеў ушын ҳәрекетти келтирип шығарып, нәтийжеде Қарақалпақстан корейслер Ассоциациясы шөлкемлестирилиўине тийкар болды. Қарақалпақстан Корейслер ассоциациясы мәмлекетлик емес, коммерциялық емес шөлкем болып, Қарақалпақстанда корейс мәдениятын, тилин, үрп-әдет ҳәм дәстүрлерин сақлаў, миллий-мәдений ҳәм басқа түрдеги руўхый мүтәжликлерин қанаатландырыў, сондай-ақ, Қарақалпақстан Республикасында миллетлер аралық қатнасықларды беккемлеўге қаратылған социаллық тәрептен пайдалы искерлик пенен шуғылланыў мақсетинде ҳуқуқый-админстративлик тәрептен корейс ҳәм басқа миллет ўәкиллериниң жәмийетлик бирлеспеси формасында 1990-жылы март айында шөлкемлестирилди. Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик Министрлиги тәрепинен 1993-жылы 11-август күни 17-санлы гүўалық номери менен дизимге алынған [11].

Қарақалпақстан Корейслер ассоциациясының 1992-жылғы есабаты бойынша 387 ағзасы бар болып, орайдың арнаўлы кеңесинде 9 адам жумыс ислеген [12]. Ассоциацияға Дясек Сендич Тюгай, Зоя Яковлевна Тен, Федор Тимофеевич Хан, Константин

Николаевич Пай, Илларион Максимович Хан, Марина Александровна Когай ҳәм Александр Шин басшылық етти. Ассоциация қурамына дәслеп Нөкис, Қоңырат Хожели ҳәм Тахиатас корейс миллий мәдений орайлары кирген. Олардан Қоңырат районын Василий Андреевич Ли, Хожели районын Леонид Борисович Ким ҳәм Тахиатас районын Пак Леонид Трофимович басқарған болып [13], районлық корейс миллий мәдений орайлары район аймағындағы қайырқомлық ислерине белсене қатнасқан. Буған мысал сыпатында Қоңырат районы корейс миллий мәдений орайы қазақ миллий мәдений орайы менен биргеликте райондағы интернационаллық қәбиристанға барыўшы жолды асфальтлағанлығын айтсақ болады. Бул қайырқомлық ис аймақта жасаўшы халықлар ортасынағы дослық ҳәм аўбиршиликтиң еле де беккемлениўине тәсир қылған.

Қарақалпақстан корейслер ассоциациясының миллий мәдениятты қайта тиклеў процесинде тийкарғы итибары екшемби мектеплери ҳәм тил курслары арқалы корейс тилин үйрениў ҳәм үйретиўге қаратылды. 1991-жылы корейс тилин үйрениў бойынша 3 дөгерек шөлкемлестирилип, бул дөгереклерге 44 адам қатнасқан, сондай-ақ, Қоңырат ҳәм Нөкис қалаларында екшемби мектеплери искерлик көрсеткен [14]. 1991–1995-жылларда екшемби мектеплери ҳәм ана тилин үйретиў бойынша 5 дөгерек шөлкемлестирилген, «Прогресс» тил орайында корейс тилин үйретиў жақсы алып барылған. Соның менен бирге, орайда корейс тили әдебиятларының жетиспеўшилиги бирқанша қыйыншылықлар туўдырып, Қазақстанның Алма-Ата қаласында жайласқан «Коре Ильбо» газетасы тәрепинен әмелий жәрдемлер берилген.

Қарақалпақстанда 1997-жылдан баслап Корея Республикасының Билимлендириў орайы филиалы оқыў орайлары формасында жумыс баслады. Бул оқыў орайларын корейс тили муғаллимлери менен тәмийинлеў мақсетинде Авлоний атындағы педагогларды қайта таярлаў Республикалық институтында корейс тилин үйрениў ушын педагоглар жиберилиўи режелестирилди. Сондай-ақ, Кореядан келген кеўилли жаслар жәрдеминде де Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети ҳәм Әжинияз атындағы педагогикалық институтында студент жасларға корейс тили үйретилди. Итибарлы тәрепи сонда, елимизге келген кореялылар қарақалпақ тилин ҳәм мәдениятын үйренип атырғанлығы нәтийжесинде оқытыўшы ҳәм оқыўшылар арасында жақын байланыслар қәлиплести. Мысалы, Әжинияз атындағы педагогикалық институтына келген КОИКАның волонтеры Ли Санг Хюн оқыўшылар менен өзбек ҳәм қарақалпақ тиллеринде еркин сәўбетлесе алатуғын еди [15].

Қарақалпақстан корейслер ассоциациясы қасында «Ариран» фольклор ансамбли шөлкемлестирилип, бул ансамбль республикамызда өткерилип атырған мәдений илажларға белсене қатнаспақта. Атап айтқанда, Наўайы қаласында корейс қосықлары фестивалы өткерилип, онда Өзбекстандағы барлық ўәлаятлардың хор жәмәәтлери қатарында Қарақалпақстан корейслер ассоциациясының хор жәмәәти де қатнасты. Итибарлы тәрепи сонда, бул хор жәмәәти 15 адамнан ибарат болса, соның барлығы жасы үлкенлер ҳәм мийнет дем алысындағы белсендилерден қуралған. Жәмәәт ағзаларынан Ли Екатерина Михайловна 83 жаста ҳәм Ольга Петровна Шегай 81 жаста болыўына қарамастан хор ағзаларына күш бағышлап, халықлар дослығын беккемлеўге үлес қосып атыр.

Қарақалпақстан Республикасы ҳәм Хорезм ўәлаяты Корейслер ассоциациясы тәрепинен ҳәр жылы корейс тили ҳәм мәденияты фестивалы турақлы түрде өткерилип келинбекте. Фестиваль гезек пенен бир жылы Үргениште өткерилсе, бир жылы Нөкисте өткерилип, онда мектеп, колледж ҳәм жоқары оқыў орынлары оқыўшылары қатнасып келмекте. Солардан 2010-жылы өткерилген корейс тили ҳәм мәденияты фестивалы Хожели қаласындағы Мехрийбанлық үйинде өткерилип [16], онда 90 нан аслам қатнасыўшы әдебий оқыў, хорда қосық айтыў, миллий аяқ ойынын ойнаў, театрластылған сахна көринислери сыяқлы номинациялар бойынша қатнасты.

Кейинги жылларда өткерилип атырған Корейс тили ҳәм мәденияты фестивалы Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында турақлы өткерилип, жылдан-жылға фестивальға қатнасыўшылар саны ҳәм қатнасыўшылардың шеберлиги, тәжрийбеси артып атыр. Атап айтқанда, 2015-жылы өткерилген усы фестивалда 120 дан аслам қатнасыўшылар қатнасып, онда әдебий оқыў номинациясы бойынша биринши орынды Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институт студенти А.Тыныштыкбаева, екинши орынды Нөкис қаласындағы 2-санлы академиялық лицей оқыўшылары Б.Хурметуллаева ҳәм Д.Пирназаровалар, үшинши орынды «Прогресс» орайынан Н.Ваисова жеңип алды [17]. Сондай-ақ, миллий аяқ ойыны номинациясы бойынша Хожели Мехрийбанлық үйи оқыўшылары ең жақсысы деп таңланған болса, ал, сахналық көринис номинациясында Үргеншли оқыўшылар ең жақсы сахналық көринис деп сыйлықланды.

Соның менен бирге, 2019-жылдан баслап корейс тили ҳәм мәденияты фестивалы

шеңбери кеңейип, Әжинияз атындағы НМПИ ҳәм Бердақ атындағы ҚМУдан тысқары Ал-Хорезмий атындағы ТАТУ, Хорезм мәмлекетлик университети студент жаслары да қатнасты [18]. Кореялы волонтерлардан бири Ким Сом Хван газетада берген интервьюсында фестиваль даўамында өзин өз үйинде жүргендей сезгенлигин атап өтеди.

Елимизде ҳәр жылы корейс тили ҳәм мәденияты фестивалының өткерилиўи халықлардың өз-ара мәдений байланысларын күшейтип, олардың мәденияты ҳәм әдеп-икрамлылық нормаларының унамлы тәреплериниң бир-бирине тәсир етиўине негиз жаратып бере алды. Бул фестивалларда, әсиресе, жас әўләд ўәкиллериниң белсене қатнасыўы елимиздиң келешектеги раўажланыўы ҳәм турақлылығының кепили болып есапланады.

Қарақалпақстан корейслер ассоциациясы искерлигиниң тийкарғы бағдары сыпатында тарийхый ўатаны Корея менен гуманитарлық байланысларды күшейтиў арқалы республикамызда жасаўшы пуқараларға әмелий жәрдем бериў, меҳир-мүриўбетлик ҳәм қайырхомлық жумысларды алып барыў есапланады. Марина Александровна Когай 2007-жылда Қарақалпақстан корейслер ассоциациясы баслығы етип сайланғанлы берли Кореяның “FRIENDS” мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкеми менен байланыслар орнатып, республикамызда балалар ҳәм үлкен жастағылар саламатлығын беккемлеў бойынша кең көлемли жумыслар алып барды. Атап айтқанда, 2007-жылы медицина илимлери докторы Ким Джон Ю басшылығындағы офтальмолог, педиатр, иглотерапевт ҳәм стоматологлардан ибарат биринши қәнигелер келди [19]. Бул баслама мәмлекетлик дәрежеде итибарға алынып, кейинирек яғный 2012-жылы Өзбекстан Денсаўлықты сақлаў министрлиги менен Корея халықаралық денсаўлықты сақлаў шөлкеми (KOFIN) ортасында бес жыллық меморандум имзаланды ҳәм бул мемерандум тийкарында Нөкис қаласында ҳәр жылы Корея врачларының жети күн даўамында қайырхомлық акциялары өткерилди.

Корея халықаралық денсаўлықты сақлаў шөлкеми (KOFIN) менен Өзбекстан Денсаўлықты сақлаў министрлиги ортасындағы меморандум шеңберинде 2015-жылы октябрь айының биринши он күнлигинде Қарақалпақстанда «Өзбекстанда көриў қәбилетин тиклеў дәстүри» әмелге асырылды [20]. Атап айтқанда, 5-октябрьден баслап Кореяның Siolam Eue Hospital ўәкиллери бир ҳәпте даўамында Республикалық көз кеселликлери емлеўханасында елиўден аслам офталмологиялық операциялар менен бирге төрт жүзден аслам наўқасларды бийпул көриктен өткерилди. Сондай-ақ, емлеўхананың үш шыпакери Сеул көз клиникасында әмелиятта болды. Кореялы врачлар өзлери менен бирге OCT – оптикалық когерент томограф, YAG лазер – көздиң алдыңғы сегментинде ислеў мүмкиншилигин бериўши аппаратларды, дәри-дәрманлар, компьютер периметри ҳәм Statim (мини-автоклав) ҳәм басқа да заманагөй үскенелерди алып келди. Бул әсбап-үскенелердиң әҳмийетлилиги сонда, стерилизация қылыў процесин алдыңғы 40-50 минуттан 3 секундта әмелге асырып бериўинде есапланады.

KOFIH пенен Қарақалпақстан Корейслер ассоциациясы ортасында шериклик бирге ислесиў орнатылып, Қубла Кореялы шыпакерлердиң екинши топары У.Халмуратов атындағы 1-санлы Республикалық медициа бирлеспесинде бет-жақ кеселликлерин ҳәм пластикалық операцияларды бийпул әмелге асырды [21]. Әсиресе, Қубла Кореялы шыпакерлердиң пластикалық операциясына қатнасқан Хожели районынан А.Султановтың келеси жылы гүзде операция ислеген шыпакер менен өз ана тилинде, яғный, корейс тилинде сөйлесиў ушын тил үйрениўи де халқымыздың гуманитарлық жәрдем ушын миннетдаршылығының бир көриниси ҳәм халықлар дослығының бир мысалы десек болады.

Корея Республикасының «Siloam Center For The Blind» қайырқомлық шөлкеми менен Қарақалпақстан корейслер ассоциациясы оратасындағы келисимге көре, 2016-жылдың 27-ноябринен 2-декабрь аралығында кореялы шыпакерлер Республикалық көз кеселликлер емлеўханасында болды [22]. Бул жерде кореялы алты қәниге тәрепинен операцияға мүтәж инсанлар көриктен өткерилди ҳәм 31 наўқас бийпул операция қылынды. Сондай-ақ, мектеп жасындағы балалар ушын 500 дана көз иши линзалары саўға етилди. Бул қайырқомлық илажлар менен бирге республикамыздың үш шыпакери еки ҳәпте даўамында «Siloam Center For The Blind» қайырқомлық шөлкеминде әмелиятта болып келди.

Қарақалпақстан Республикасы денсаўлықты сақлаў ҳәм Халық билимлендириўи министрликлери, Қарақалпақстан корейслер ассоциациясы менен имзаланған меморандум бойынша Корея Республикасының шыпакерлер ассоциациясы ўәкили “Friend” шөлкеми республика халқына бет-жағ операциялары ҳәм стоматологиялық бийпул хызмет көрсетти. Атап айтқанда, «тислерди коллектив тазалаў, соң флорид еритпеси менен жуўыў арқалы кариестиң алдын алыў» дәстүри өткерилип, онда Нөкис қаласындағы алты мектептен 10 мыңнан артық оқыўшылар

қатнасты. Әҳмийетли тәрепи сонда дәстүрдиң барлық қатнасыўшылары бийпул тис чёткасы, тис пастасы, аўыз жуўыў қураллары ҳәм флоридли дәри менен тәмийинленди [23]. Бул илажлар нәтийжелилигин және де арттырыў мақсетинде дәстүр әмелге асырылып атырған Нөкис қаласындағы улыўма билим бериў мектеплеринде сентябрь айының екинши он күнлигинде «Тис ҳәм аўыз бослығы саламатлығы күни» фестивалы өткерилип, фестивалда «Сулыў тислер – сулыў күлимлеў» темасында сүўретлер ҳәм дөретиўшилик шығармалар таңлаўлары шөлкемлестирилди. Соны да айтып өтиўимиз керек, бул дәстүр қатнасыўшылары жыллар даўамында тис шыпакерине медициналық жәрдем сорап мүрәжәәт етпегенлиги қайырқомлық илажларының унамлы нәтийжелеринен бири есапланады.

Сондай-ақ, Нөкис қалалық медицина бирлеспеси қасында Корея халықаралық шериклик шөлкеминиң саламатластырыў орайы ашылып [24], орай саламат турмыс тәризин енгизиўди, дене шынығыўларын турақлы алып барыўды кеңнен үгит-нәсиятлаўға бағдарланған. Соның менен бирге, халықтың арасында көп ушырайтуғын жүрек-қан тамыр ҳәм қантлы диабет кеселиклериниң тийкарғы себеби болған семирип кетиў ҳалатларын кемейтиў тийкарғы мақсети есапланады. Саламатластырыў орайы заманагөй диагностика үскенелери ҳәм симулятор менен үскенеленгенликтен, келген пуқаралардың қан басымы, холестерин ҳәм глюкоза муғдарлары өлшенип, буннан соң дурыс аўқатланыў бойынша усыныслар бериў мүмкиншилиги жаратылған. Бул жерде спорт пенен шуғылланыў ушын зал ажыратылған болып, бийпул спорт шынығыўлары ҳәм йога сабақлары турақлы алып барылмақта.

2012–2017-жыллардағы бес жыллық меморандум нәтийжелерине байланыслы 2017-жылы май айында Нөкис қаласында есап бериў конференциясы өткерилди. Онда бирге ислесиў унамлы ҳәм нәтийжели болғанлығы ушын және 5 жылға созыў ҳаққындағы меморандум қабыл етилди. Жыллар даўмында 500 ден артық бет-жақ операциялары, жүзлеп офталмологиялық операциялар әмелге асырылды. Кореялы шыпакерлерден бири бет-жақ операциясы бойынша қәниге Эм Ки Иль Қарақалпақстанға ең биринши мәрте 2009-жылы кәсиплик мәжбүрияты менен келген болса, кейинги жылларда жүрегиниң шақырыўы менен келетуғынын атап өтеди [25]. Деген менен, дүнья жүзи мәмлекетлеринде коронавирус кеселлиги менен байланыслы илажлардан соң бундай қайырқомлық ислери ҳәзирги ўақытта тоқтап қалды.

Қарақалпақстан корейслер ассоциациясы баслығы Марина Александровна қайырқомлық ислердеги пидәкерлик мийнети ушын «Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен мәдeният хызметкери», Халықаралық шет ел фондының еки ҳүрмет көкирек белгиси ийеси, Корея Республикасының «Өзбекстанда халық аралық шериклик, корейс тили ҳәм мәдениятын раўажландырғанлығы ушын» дипломы, Өзбекстан Республикасының «Саламат әўлад ушын» ордени менен сыйлықланды.

Улыўмаластырып айтқанда, республикамызда искерлик етип атырған миллий мәдений орайлар белгили бир миллет яки халықтың миллий өзине тәнлиги ҳәм мәдениятын сақлаў менен бирге жәмийетимиздеги улыўма миллий аўызбиршилик, тыньшлық ҳәм турақлылықтың беккемлениўине өз үлесин қосып келмекте. Кейинги жылларда миллий мәдений орайлар тек мәдений илажлар өткериў менен шекленип қалмастан пуқаралық жәмийети институтлары менен бирге ислесиў, ҳәр түрли социаллық жойбарларда грантлар жазыў сыяқлы басламаларда да белсендилик көрсетпекте.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Республикалық интернационаллық мәдeният орайының ағымдағы архив материаллары. 1994-ж.
2. ҚР ОМА. М-515 – фонд, 1 – дизим, 4 – ис, 234-б.
3. https://nnt.adliya.uz/document/journal/view?id=13737
4. ҚР ОМА. М-515 – фонд, 1 – дизим, 10 – ис, 118-б.
5. Ерниязов Қ. Қазақша қосық ҳәм дуўтаршылар жарысына // Еркин Қарақалпақстан, 1992-жыл 3-апрель, №64; Еркин Қарақалпақстан, 1992-жыл, 8-апрель №.67.
6. // Еркин Қарақалпақстан, 1992, 10-сентябрь.
7. Ерниязов Қ. Мың айдың жүзин көрген батыр. // Еркин Қарақалпақстан, 1995-жыл 9-ноябрь, №175.
8. Пирназарова М. В честь творчества Абая. // Вести Каракалпакстана, 2018 г. 18 декабря, №101.
9. Хван Л.Б. Корейцы Каракалпакстана: сотворение судьбы. Уроки доброты и братства. — Нукус: «Билим», 2007. 32 с.
10. Тюгай А. Мы живем в Каракалпакстане. // Вести Каракалпакстана, 1996 г. 28 сентября, №78.
11. https://nnt.adliya.uz/document/journal/view?id=13805
12. Еденбаева П. Дюнаң – орай дегени. // Еркин Қарақалпақстан, 1992-жыл 22-февраль, №15.
13. Хван Л.Б. Корейцы Каракалпакстана: вчера и сегодня. - Нукус: "Билим", 2004. 28 с.
14. Ниязов Д. Проблемы культурных центров. // Вести Каракалпакстана, 1992. 25 февраля, №36.
15. Юсупова А. Изучают корейский язык. // Вести Каракалпакстана, 2018 г. 25 сентября, №78.

16. Пирназарова К. Фестиваль – это праздник. // Вести Каракалпакстана, 2010 г. 13 апреля, №30.
17. Пирназарова К. Фестиваль корейского языка и культуры. // Вести Каракалпакстана, 2015 г. 21 апреля, №33.
18. Аминова А. Праздник дружбы и красоты. // Вести Каракалпакстана, 2019 г. 26 октября, №86.
19. Пирназарова К. Укрепляя мосты дружбы. // Вести Каракалпакстана, 2019 г. 17 августа, №67.
20. Пирназарова К. Страна утренней свежести стала ближе. // Вести Каракалпакстана, 2015 г. 10 октября, №81.
21. Аминова А. Подарили надежду и счастье. // Вести Каракалпакстана, 2015 г. 6 июня, №46.
22. Пирназарова К. На благо здоровья населения. // Вести Каракалпакстана, 2016 г. 6 декабря, №99.
23. Пирназарова К. Развивая и сохраняя национальную культуру. // Вести Каракалпакстана, 2017 г. 7 октября, №81.
24. Абибуллаев Д. Вступил в строй оздоровительный центр. // Вести Каракалпакстана, 2017 г. 28 января, №10.
25. Пирназарова К. Друзья приезжают вновь. // Вести Каракалпакстана, 2017 г. 10 октября, №82.

**Қорақалпоғистонда миллий маданий марказлар фаолияти ва унинг миллатлараро тотувлик муносабатларидаги ўрни (Қорақалпоғистон Республикаси Қозоқ миллий маданий маркази ва Корейслар ассоциацияси фаолияти мисолида)**

**Нуржанов С.У., Муратбаева А.Б.**
*Ўзбекистон Республикаси Фанлар академияси Қорақалпоғистон бўлими Қорақалпоқ гуманитар фанлар илмий-тадқиқот институти, Нукус*

Мамлакатимизда яшовчи турли миллат ва элат вакилларининг тиллари, урф-одат ва анъаналарини сақлаш ва ривожлантириш, уларнинг маънавий ҳамда маданий эҳтиёжларини қондириш мақсадида миллий маданий марказлар фаолият кўрсатиб келмоқда. Мақолада Қорақалпоғистон Республикаси Қозоқ миллий маданий маркази ва Қорақалпоғистон корейслар ассоциацияси фаолияти ва уларнинг ўзига хос йўналишлари таҳлил қилинган. Масалан, Қозоқ миллий маданий маркази қозоқ миллатининг миллий ўзига хослигини сақлаш ва ривожлантириш билан бирга ҳудудда яшовчи халқларнинг тарихида муҳим ўринга эга ботирлар юбилейларини нишонлагани ўрганилган. Корейс миллий маданий маркази тил курслари, корейс тили ва маданияти фестивали ҳамда тарихий ватани Корея билан гуманитар алоқаларни мустаҳкамлашдаги фаолияти таҳлил қилинган.

**Деятельность национальных культурных центров в Каракалпакстане и их роль в межнациональных согласиях (на примере деятельности Казахского национального культурного центра Республики Каракалпакстан и Ассоциации корейцев)**

**Нуржанов С.У., Муратбаева А.Б.**
*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан, Нукус*

В целях сохранения и развития языков, обычаев и традиций представителей различных наций и народностей, проживающих в нашей стране, удовлетворения их духовных и культурных потребностей действуют национальные культурные центры. В статье анализируется деятельность Казахского национального культурного центра Республики Каракалпакстан и Ассоциации корейцев Каракалпакстана и их специфические направления. Например, изучено, что Казахский национальный культурный центр наряду с сохранением и развитием национальной самобытности казахской нации отмечал юбилеи батыров, занимающих важное место в истории народов, проживающих на нашей территории. Проанализирована деятельность Корейского национального культурного центра по укреплению языковых курсов, фестиваля корейского языка и культуры, а также гуманитарных связей с его исторической родиной Кореей.

**The activities of National cultural centers in Karakalpakstan and its role in interethnic harmony (Through the example of the activities of the Kazakh National Cultural Center of the Republic of Karakalpakstan and the Association of Koreans)**

**Nurzhanov S.U., Muratbayeva A.B.**
*Karakalpak Research Institute of Humanitian of the Karakalpak Branch of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan, Nukus*

In order to preserve and develop the languages, customs, and traditions of representatives of various nations and ethnic groups living in our country, to satisfy their spiritual and cultural needs, national cultural centers operate. The article analyzes the activities of the Kazakh National Cultural Center of the Republic of Karakalpakstan and the Association of Koreans of Karakalpakstan and their specific directions. For example, it has been studied that the Kazakh National Cultural Center, along with preserving and developing the national identity of the Kazakh nation, celebrated the anniversaries of heroes who hold an important place in the history of the peoples living in the territory. The activities of the Korean National Cultural Center in strengthening language courses, the Korean Language and Culture Festival, and humanitarian ties with its historical homeland, Korea, were analyzed.